# amul benn jullit bu musiba di dal mu wax li ko Yàlla digal: {Yàlla moo ni moom te ci moom lañuy dellu} [Al-Baxara: 156], Yàlla yoolal ma ci sama musiba bii, te wuutalal ma jo yiw, lu dul ne Yàlla dana ko ko wuutalal lu ko gën

Jële nañu ci Ummu Salamata Ndayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: dégg naa Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "amul benn jullit bu musiba di dal mu wax li ko Yàlla digal: {Yàlla moo ni moom te ci moom lañuy dellu} [Al-Baxara: 156], Yàlla yoolal ma ci sama musiba bii, te wuutalal ma jo yiw, lu dul ne Yàlla dana ko ko wuutalal lu ko gën", nee na: ba Abuu Salamata faatoo ma ne: ana kan ci jullit ci mooy gën Abuu Salamata? Kër gi njëkk a gàddaay jëm ca Yonnente Yàlla ba yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, topp ma wax ko, Yàlla daal di ma koy wuutalal Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc.
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Ndayu jullit ji Ummu Salamata yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa wax ne dégg naa Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc benn bis muy wax ne: Amul benn jullit bu musiba di dal muy wax li Yàlla sopp ci moom: {nun de Yàlla moo nu moom te ci moom lanuy dellu} [Al-Baxara: 156], (yaw sama Boroom yoolal ma) jox ma ak fay ci sama muñ gi (ci sama musiba mi), te wuutalal ma (wuutalal ma) ko (lu ko gën); lu dul ne Yàlla dana ko ko wuutalal. Nee na: ba Abuu Salamata faatoo ma wax ne: ana kan ci jullit ñi mooy gën Abuu Salamata?! Kër gi njëkk a gàddaay jëm ca Yonnente ba yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, topp ne Yàlla dimbali na ma ba ma wax ko, Yàlla daal di may wuutalal Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc te moo gën Abuu Salamata.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee